



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

WILLIAM HARRINGTON, DIREKTÈ
BIWO ENSTRIKSYON ADOMISIL (CENTRAL OFFICE OF HOME SCHOOLING)
333 SEVENTH AVENUE, 7TH FL NEW YORK, NY 10001

Lendi 1^{ye} jiyè 2019

Chè Paran/Responsab:

Biwo Santral Enstriksyon Adomisil (Central Office of Home Schooling) swete w byenveni nan ane lekòl **2019-20**. Lèt sa a pral ba w enfòmasyon pou ede w anrejistre pitit ou an (oswa kontinye) edikasyon adomisil pou ane lekòl 2019-2020. Pou asire ke pitit ou an resevwa yon edikasyon ki baze sou liy Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department's, NYSED) Règleman Komisyonè Pati 100.10 (Commissioner's Regulation Part 100.10), genyen anpil fòm ke yo mande w pou soumèt pandan ane lekòl la.

Pou sipòte w, nou bay kopi tout fòm yo nan pake sa a. Yon lis fòm ak delè pou soumèt pyès yo ekri pi ba a. Se responsablite paran oswa responsab chak timoun pou soumèt pyès sa yo alè dapre manda Règleman Komisyonè Pati 100.10 Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED Commissioner's Regulation Part 100.10).

DAT LIMIT *	DOKIMAN KONFÒM POU SOUMÈT
1^{ye} jiyè 2019:	Soumèt Lèt Entansyon [<i>gade Pati 100.10 (b)</i>]
15 out 2019:	Soumèt Plan Enstriksyon Endividalize (Home Instruction Plan ,IHIP) [<i>gade Pati 100.10 (c)</i>]
15 novanm 2019:	Soumèt Rapò Trimestryèl #1
31 janvyè 2020:	Soumèt Rapò Trimestryèl #2
15 avril 2020:	Soumèt Rapò Trimestryèl #3
30 jen 2020:	Soumèt Rapò Trimestryèl #4 ak Evalyasyon Anyèl

Biwo Santral Enstriksyon Adomisil **sjere** dat endike yo. Paran ka detèmine dat soumisyon rapò trimestryèl yo nan paj final IHIP, men yo dwe voye rapò yo nan kat entèval trimestryèl nan menm espas la. Pou elèv k ap kòmanse lekòl adomisil ane sa a, kantite rapò yo dwe pwopòsyonèl ak peryòd enstriksyon adomisil.

Tout dokimantasyon dwe genyen ladan non pitit ou an jan li parèt nan dosye nou an; si non an pa kòrèk sou anvlop lapòs la, tanpri fè nou konnen imedyatman.

Kisa pou fè apre:

Pou kontinye (oswa kòmanse) pwosedi pou pitit ou ale nan lekòl adomisil, ou dwe soumèt yon Lèt Entansyon pou ane lekòl 2019-2020 nan dat **1 jiyè 2019** oswa anviwon. Tanpri poste Lèt Entansyon w la nan adrès pi ba a: Apre sa a, ou ka soumèt tout dokiman yo pou Central Office of Home Schooling pa imèl nan homeschool@schools.nyc.gov. Dokiman pou pote ankonfòmite ak lis la se Lèt entansyon, Rapò Trimestryèl, IHIP ak Evalyasyon Anyèl ke yo pa ka aksepte nan faks.

**Biwo Enstriksyon Adomisil (Central Office of Home Schooling)
333 Seventh Avenue, 7th fl New York, NY 10001**

Nou ofri lè biwo kòm sèvis pou paran ki gen kesyon, men pa genyen bezwen pou vizite biwo a pou soumèt fòm oswa lòt dokiman. Tanpri sonje sa a anvan nou vini nan biwo a:

- Nou pa fè kopi dokiman yo. Tanpri fè kopi Tout dokiman ou ap soumèt anvan w vini.
- Lè biwo se Lendi – Vandredi, ant 9:00 a.m. – 3:00 p.m. Biwo Enstriksyon Adomisil (Office of Home Schooling) fèmen lè wikenn ak jou ferye
- Si ou vle rankontre avèk yon konseye pedagogik, tanpri rele (917) 339-1750 pou pran yon randevou.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite paj prensipal sitwèb: <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/home-schooling>

Mèsi,

William Harrington